**दिन—रविवार** **दिनांक—07.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

————————————————————————————————————

संसदक बजट सत्र एहि मासक बाईस तारीख सँ शुरू होयत। संसदीय कार्यमंत्री किरेण रिजिजू एक सोशल मीडिया पोस्ट मे जनौलनि जे बजट सत्र बारह अगस्त धरि चलत। ओ जनौलनि जे केन्द्रीय बजट दू हजार चौबीस— पचीस लोकसभा मे तेईस जुलाई कऽ पेश कयल जायत। ओ जनौलनि जे राष्ट्रपति दौपदी मुर्मू केन्द्र सरकारक जनतब पर बजट सत्र लेल दुनू सदनक सत्र बजेबाक प्रस्तावक स्वीकृति दऽ देलनि अछि।

———————————————————————

सर्वोच्च न्यायालय मे काल्हि नीट—यूजी सँ जुड़ल कतेको मामिलाक सुनवाई होयत। एहि मे फेर सँ परीक्षा करेबाक माँगक मामिला सेहो अछि। शीर्ष अदालतक बेवसाईट पर अपलोड कयल गेल मामिलाक सूचीक अनुसार मुख्य न्यायाधीश डी. वाई. चन्द्रचुड़, न्यायामूर्ति जे.बी. पारदीवाला आओर न्यायामूर्ति मनोज मिश्राक पीठ मामिलाक सुनावाई करत।

———————————————————————

राजधानी पटना सहित पूरा प्रदेश मे मॉनसूनक प्रभाव सँ थमि—थमि कऽ बारिश भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच बांकाक शंभुगंज मे सभसँ बेसी एक सय एकानवे दशमलव छओ मिलीमिटर बारिश भेल अछि। ओतहि, किशनगंज मे एक सय अड़तालीस, पश्चिम चंपारणक सीकटा मे एक सय पैंतालीस दशमलव छओ, मुंगेरक तारापुर मे एक सय पैंतालीस दशमलव दू आओर पटनाक अथमलगोला मे एक सय तेरह मिलीमिटर बारिश भेल अछि। मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बीच पूर्वी आओर पश्चिम चंपारण, मधुबनी, दरभंगा, समस्तीपुर, सुपौल, अररिया, कटिहार, किशनगंज आओर वैशाली जिला मे बेसी ठाम बारिश भऽ सकैत अछि। विभाग जनौलक अछि जे अगिला पांच दिन धरि पूरा राज्य मे मॉनसून सक्रिय रहि सकैत अछि।

———————————————————————

एम्हर, हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे पश्चिम चंपारणक बाल्मीकिनगर गंडक बराज सँ काल्हि मुन्हारि राति तीन लाख बीस हजार क्यूसेक पानि छोड़ल गेल जाहि सँ कतेको क्षेत्र मे बाढ़िक खतरा बढ़ि गेल अछि। गंडक नदीक जलस्तर तेज गति सँ बढ़ि रहल अछि। बाढ़िक आशंका के देखैत स्थानीय प्रशासन विभागक कर्मी सभ के अलर्ट मोड पर रहबाक लेल जनौलक अछि। संगहि, सभ अधिकारी आओर कर्मीक छुट्टी रद्द कऽ देल गेल अछि। अभियंता सभ के तटबान्हक सदिखन निगरानी करबाक लेल जनाओल गेल अछि। बाढ़िक स्थिति अयला पर तत्काल राहत देबाक व्यवस्था कयल जा रहल अछि। प्रशासन बगहा अनुमंडल के चारि जोन मे बाँटि कऽ जल संसाधन विभागक अभियंता सभ के चौकस रहबाक लेल जनौलक अछि। ओतहि, पूर्वि चंपारण आओर शिवहर जिलाक कतेको क्षेत्र मे बाढ़िक आशंका के देखैत प्रशासन लोकसभ के सुरक्षित ठेकान पर जयबाक लेल जना देलक अछि। एम्हर, सुपौल सँ हमर संवाददात जनौलनि अछि जे भीमनगरक कोसी बराज सँ तीन लाख तीन हजार आठ सय क्यूसेक पानि छोड़ल गेला सँ कतेको क्षेत्र मे बाढ़िक पानि पसरि गेल अछि।

---

एम्हर, मधुबनी सँ  हमर संवाददाता जनौलनि जे कोसी नदीक जलस्तर बढ़ला सँ पश्चिमी कोसी तटबान्ह पर जल संसाधान विभागक अभियंता सभ चौसकी बढ़ा देलनि अछि। जल स्तर बढ़ला सँ जिलाक मधेपुर प्रखंडक कोसी दियरा क्षेत्रक पचीस सँ तीस हजार लोकसभक बीच तबाही बढ़ि गेल अछि। मधेपुरक अंचलाधिकारी नीतीश कुमार जनौलनि अछि जे बाढ़ि सँ पहिनेहि प्रशासन तैयारी कऽ लेलक अछि।

---

नेपालक जल ग्रहण क्षेत्र आओर प्रदेश मे भऽ रहल बारिश कारण कोसी, गंडक, महानंदा आओर परमान नदी उफान पर अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ भेटल जनतबक अनुसार महानंदा नदीक जलस्तर किशनगंजक तैयबपुर मे चेतावनिक स्तर के पार कऽ गेल अछि। नदीक जलस्तर बढ़िये रहल अछि। एम्हर, सीतामढ़ी मे झमाझम बारिश सँ बागमती आओर अघबारा समूहक नदी सभ उफान पर अछि। बागमती नदी पांच ठाम खतराक निशान सँ उपर बहि रहल अछि। ओतहि, लाल बकैया नदी बैरगनियाक बोहाबाड़ी मे लाल निशान के पार कऽ गेल अछि।

---

पटनाक पाटलिपुत्र विश्वविद्यालय मे रक्षा विज्ञान आओर योगक पढ़ाई शीघ्रहि शुरू होयत। राज्यपाल सह कुलाधिपति राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर विश्वविद्यालयक आठम सीनेटक बैसक के संबोधित करैत ई गप जनौलनि। श्री आर्लेकर जनौलनि जे हमरा सभ के एहन शिक्षा भेटबाक चाहि जाहि सँ समाज आगू बढ़य।

———————————————————————————

मिथिलांचलक ब्राह्मण लोकनिक ऐतिहासिक सौराठ सभा मधुबनी जिलाक सौराठ मे आइ सँ शुरू भेल जे बारह जुलाई धरि चलत। सौराठ विकास समितिक अध्यक्ष कृष्णकांत झा गुड्डू दीप जरा कऽ मेलाक शुभारंभ कयलनि। ओ पंजीकार लोकनि के पाग–डोपटा पहिरा कऽ सम्मानित कयलनि। ओ जनौलनि जे युवा लोकनि के अपन पूर्वजक धरोहर के बचेबाक लेल एहि मे बढ़ि–चढ़ि कऽ भाग लेबाक चाही। एहि मौक पर कतेको गणमान्य लोक सभ छलाह।

———————————————————————————

बक्सरक पुलिस अधीक्षक मनीष कुमार ब्रह्मपुर थाना मे शराबक पेटी नुका कऽ रखबाक ओराप मे दरोगा कन्हैया प्रसाद आओर एक पुलिसकर्मी विकास कुमार के सेवा सँ बरखास्त कऽ देलनि अछि। ई सभ पछिला वर्ष अठारह सितंबर कऽ छापामारीक बीच भेटल दू सय अड़तालीस बोतल शराबक पेटी के थानाक दोसर कमरा मे नुका कऽ राखि रहैथ।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।